

SPARC

**Patenarya edikasyon espesyal pou
pwogram rezolisyon amikal konfli**

Sèvis medyasyon

Sou sèvis medyasyon SPARC

Sèvis medyasyon SPARC la disponib pou fanmi ak lekòl yo ki vle rezoud diferans yo konsènan edikasyon yon elèv ki gen andikap.

Medyasyon SPARC...

- Gratis, volontè epi konfidansyèl.
- Ankouraje dyalòg.
- Asire yo tandè preyokipasyon yo.
- Jwenn antant komen.
- Rebati relasyon ant lakay ak lekòl la.
- Rann patisipan yo otonòm pou jwenn yon solisyon agreyab ansanm.

Nan medyasyon an, se patisipan yo ki detèmine rezilta a, se pa medyatè a.

Demann enfòmasyon yo gratis e konfidansyèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte biwo nou an.

**Pwogram Rezolisyon Konfli
Enstiti pou Administrasyon Piblik**

Telefòn: 302-831-8158

Imèl: sparc-info@udel.edu

www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp/sparc

SPARC

Patenarya edikasyon espesyal pou pwogram rezolisyon amikal konfli

Sèvis medyasyon

Kijan medyasyon an fonksyone?

1. Yon medyatè SPARC ap pale ak tou de pati yo pou tande preyokipasyon yo, eksplike yo pwosesis medyasyon an epi reponn kesyon yo.
2. Si tout pati yo dispoze patisipe, medyatè a pral kowòdone yon lè ak plas pou medyasyon an.
3. Medyatè a gide patisipan yo nan yon pwosesis ki ankouraje dyalòg louvri, ede klarifye pwoblèm yo, ankouraje konpreyansyon ak travay pou atenn yon akò satisfèzan ansanm ki nan pi bon enterè elèv la.
4. Patisipan yo kontwole ak kreye rezilta medyasyon an, epi rezolisyon ki pran yo dokimante nan yon antant medyasyon ki gen fòs legal.
5. Si patisipasyon yo pa rive jwenn yon solisyon, pati yo ka pouswiv lòt fason pou rezoud oswa egzèse garanti pwosedi yo.